



Pou Piblikasyon Imedya: 17/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GAYAN KONPETISYON KORIDÒ SKYWAY BUFFALO A

Pwopozisyon Rochester a "City of Lights: Re-View our Waterfront" Te Ranpòte Pri 100,000 Dola pou Pi Meyè Soumisyon Apre yo te Prezante Ide yo Devan Jij yo ak Odyans An Dirèk la

"Skyway River Loop" Tre Ranpòte Pri 50,000 Dola pou Dezyèm Plas epi "Queen City Harbor: Bringing Buffalo to the Water's Edge" Te Ranpòte Pri 25,000 Dola pou Twazyèm Plas

Gouvènè a ak Manm Kongrè Higgins Pran Angajman pou yo Sekirize Jiska 600 Milyon Dola nan Resous Eta ak Federal pou Konplètman Finanse Travay pou Retire Skyway la ak Devlopman Nouvo Enfrastrikti a

Pwojè a pral Itilize EIS Akselere ak Pwosesis Konsepsyon-Konstriksyon pou Pèmèt Pwojè a Fini nan Mwens Pase 5 Ane - 4 Ane Pi Rapid Pase Pwosesis Tipik pou Pwojè Konsa yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse pwopozisyon "City of Lights: Re-View our Waterfront" (Vil Limyè: Re-Wè Bò Rivaj Nou an) SWBR, Fisher Associates ak MRB Group ki soti Rochester, New York la te prezante a se gayan konpetisyon "Aim the Sky" (Vize Syèl la) pou reyimajine Koridò Skyway Buffalo a. Lide gayan an pwopoze pou yo retire Skyway a epi redistribiye sikilasyon pou fè yo pase sou yon seri nouvo enstalasyon. Yo pral transfòme yon pòsyon nan pon wo Skyway a pou l vin tounen "Pak Skyway", ki pral ofri panorama anblematik ak enstalasyon rekreyatif yo. Konpetisyon Koridò Skyway Buffalo a te bay pi bon konseptè iben, ekonomis, planifikatè ak achitèk ki gen nan nasyon an defi pou yo repanse koridò a - ki kouvri sis kilomèt soti anbalavil pou rive Lackawanna - epi an menm tan ajoute sou envestisman ak elan ki te transfòme vil la pandan uit ane ki sot pase yo. Nan kòmansman jounen an, nèf ekip finalis ki soti toupatou nan Etazini te prezante ide yo devan yon odyans an dirèk ak yon panèl jij kote yo te konkiranse pou yon prim 100,000 dola. "Bouk Rivyè Skyway a" (Skyway River Loop) te ranpòte 50,000 pou dezyèm plas la ak "Queen City Harbor: Bringing Buffalo to the Water's Edge" (Queen City Harbor: Pote Buffalo Vin Bò Dlo a) te ranpòte 25,000 pou twazyèm plas.

"Bò rivaj dlo Buffalo a te toujou youn nan pi gran atou eta nou an, epi lè yo retire Skyway ki la kounye a, nou pral poze fondasyon pou plis vanse transfòmasyon ak kwasans pou kominote sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Konpetisyon sa a te jenere lide ak pwopozisyon ki soti nan kèk pi gran espri ki genyen nan nasyon an pou rekonsevwa koridò yo pa itilize ankò sa pou l vin tounen yon rezo transpò modèn ki

reflete redresman pwometè k ap fèt nan Rejyon Lwès New York la epi voye yon mesaj klè bay rès peyi a ki fè konnen ke Buffalo retounen."

Gouvènè a te anonse pwojè a pral itilize yon Deklarasyon Enpak Anviwònmanal (Environmental Impact Statement, EIS) akselere ki pral fini nan mwens pase dezan. Pwojè konstriksyon an pral fini nan mwens pase twazan. Pwosesis akselere sa a pral pèmèt tout pwojè a nèt fini nan mwens pase senk an - katran pi rapid pase pwosesis pou pwojè konsa yo.

"Mwen te pase sou Skyway a pandan tout lavi m, epi mwen konnen li lè pou n antre nan yon nouvo chapit nan istwa bò rivaj Buffalo a", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare**. "Gras a konpetisyon novatè sa a, nou ap trase yon nouvo desten pou avni transpò nan Buffalo ak Rejyon Lwès New York la. Mwen felisite twa premye ekip yo, epi mwen remèsye yo paske yo te prezante vizyon kreyativ, novatris pou yon Koridò Skyway ki nan 21yèm syèk."

Ekip gayan yo se:

- **City of Lights: Re-View our Waterfront**
 - *Ekip: SWBR, Fisher Associates ak MRB Group - Rochester, N.Y.*
 - Konsepsyon sa a yo gen pou Skyway ak Koridò Route 5 lan "aktyèlman vrèman senp; retire baryè k ap separe Vil Buffalo ak bò rivaj li a". Retire Skyway a (soti Church Street rive Prime Street) ansanm ak aksè a ranp yo pou fè 5 ekta vin disponib pou devlopman nan sant vil la ak Canalside. Yo pral transfòme yon pòsyon nan pon wo Skyway a pou l vin tounen "Pak Skyway", ki pral ofri panorama anblematik ak enstalasyon rekreyatif yo. Yo pral redistribiye sikilasyon an sou yon seri nouvo enstalasyon ki gen ladan yon nouvo wout pwolonje "Tift Street Extension" k ap konekte ak I-190; yon nouvo pon trave levan nan Michigan Avenue; ak yon nouvo koneksyon wout ant Ohio Street ak Fuhrmann Boulevard osid City Ship Canal; pami lòt amelyorasyon ankò.
- **Bouk Rivyè Skyway a (Skyway River Loop)**
 - *Ekip: Marvel Architects - New York, N.Y.*
 - Soumisyon sa a di li pral "Konsève Skyway a epi ranfòse kè Buffalo". Li pwopoze pou yo konsève Skyway a, ajoute yon nouvo pasaj vèt nan nivo lari a ak eleman pou pèmèt aksè epi rekadre tout sistèm lan pou nouvo itilizasyon. Pwopozisyon an mande pou konekte nouvo pon lokal yo ant Inner ak Outer Harbor nan Michigan Avenue ak nan Ohio Street toupre tèminal osid City Ship Canal. Skyway River Loop vize kreye koneksyon ak katye ki la deja yo epi sipòte plis itilizasyon ak devlopman yo.
- **Queen City Harbor: Bringing Buffalo to the Water's Edge**
 - *Ekip: Christian Calleri, Jeannine Muller, Min Soo Kang, Andrea De Carlo - Washington, D.C.*

- Soumisyon sa a pwopoze yon estrateji k ap kapitalize sou opòtinite istorik sa pou retire 'Skyway' selèb la ak agrandi eritaj pozitif pase atistik, kiltirèl, ak endistriyèl Buffalo dirèkteman nan yon avni entèlijans, bèl ak diy. Vizyon sa a depann de yon pwogram ranplisaj katye reyafektasyon solid ki gen anpil moun sou tèren yo te ouvri oswa yo te fasilite gras a eliminasyon Skyway la, ki vize devlopman a izaj mikis ak rezidansyèl nan oswa ozalantou Queen City Harbor. Yo pral transfòme apontman an beton pon Skyway a pou l akomode pwodiksyon enèji solè ak van. Y ap ofri aksè pa mwayen yon modènizasyon Fuhrmann Boulevard and Ohio Street pou akomode plizyè mod aksè ki gen ladan BRT, pandan y ap mete yon nouvo koneksyon pon trave levan pou al Outer Harbor nan Main Street.

Panèl jij la te gen kòm prezidan Komisè Empire State Development Ian Howard Zemsky, avèk uit manm panèl, pami yo Majistra Buffalo a, Byron Brown, Sekretè Deta New York la, Rossana Rosado, ak ekspè lokal ak nasyonal nan domèn achitekti, konsepsyon, ibanis ak transpò.

Ekip k ap patisipe nan konpetisyon an yo te gen kòm defi pou yo bay solisyon yo ta kapab egzekite san sa pa koute twò chè, ki fezab epi ke yo kapab akonpli teknikman (ki pran an kont volim sikilasyon an) avèk yon kalite konsepsyon siperyè. Empire State Development te resevwa plis pase 100 pwopozisyon pandan 1ye Pati Konpetisyon an - se te pwopozisyon nan "nivo rezime" yo te evalye dapre kritè "pa koute chè, fezab, ak kapab akonpli teknikman" yo, sa ki fè yo te envite 20 ekip vin soumèt tablo prezantasyon ak pwopozisyon final yo pandan 2yèm Pati Konpetisyon an. Sèz pami 20 ekip yo te soumèt pwopozisyon final, epi yo te redui lis la vin nèf finalis ki te prezante ide yo devan Panèl Revizyon an nan Buffalo.

An fevriye, Gouvènè Cuomo te anonse plan li genyen pou l òganize yon konpetisyon konsepsyon nasyonal pou mande pi bon ide ki genyen pou yon nouvo vizyon pou Koridò Skyway la ke y ap ka konplete nan sis mwa. Skyway la, yon otowout kat vwa ak aksè limite, pase sou yon longè sis kilomèt bò Rivyè Buffalo vil la ak bò dlo Lak Erie a, epi li gen prèske 40,000 machin ki pase sou li chak jou kòm yon pati nan sistèm otowout rejyonal la. Okòmansman, yo te konsevwa Skyway la ke yo te fini nan ane 1950 yo, pou konekte travayè yo ak sikilasyon kamyon k ap soti nan plizyè gran ak ti konplèks faktori ak Pò Buffalo a avèk sistèm otowout ant eta a ki te tou nouvo lè sa a. Men piske izin asye ki pi enpòtan yo nan rejyon an fèmen nan ane 1980 yo epi itilizasyon tèren yo bò koridò a chanje soti nan gwo fabrikasyon pou vin rekreyasyon, kounye a Skyway la sèvi an gran pati sikilasyon toulejou soti nan ti vil ki Osid yo.

Prezidan Empire State Development Ian, Howard Zemsky te deklare, "Konpetisyon sa a te pote nouvo ide ki remete an kesyon pozisyon Skyway la nan kominote nou an. Lide gayan nou an eksepsyonèl epi l ap ajoute sou envestisman k ap fèt olon bò rivaj dlo Buffalo a ak sou elan rejyon an. Pandan n ap vanse pou n reyalize yon solisyon pou koridò sa a, mwen remèsye kòlèg jij mwen yo pou tan yo ak ekspètiz yo ansanm ak Gouvènè a paske l ap fè efò pou l envite nouvo vwa ak nouvo ide nan diskisyon nou an nan kad yon nouvo vizyon ou koridò a".

Reprezantan Brian Higgins te deklare, "Mwen te di sa plizyè fwa avan ke konsepsyon aktyèl Buffalo Skyway la non sèlman pa pratik, li danjre, epi nou paka sèlman mentni vestij nan pase nou sa. Apwòch novatè Gouvènè Cuomo ap pran pou l reyimajine avni Buffalo odela Skyway la gras a konpetisyon sa a pral rann efò n ap fè depi anpil deseni sa a vin yon reyalite. Nou te fè anpil pwogrè k ap transfòme bò rivaj dlo Buffalo a, epi lè nou ranplase Skyway la ak yon koridò yo konsevwa nan fason estratejik, sa pral amelyore aksè nan destinasyon bò rivaj florisan vil la, pi byen konekte kominote nou yo epi retire obstak ki anpeche menm plis opòtinite ekonomik. Pou asire pwojè sa vanse vè lavan, m ap pran angajman pou m chache jwenn nouvo fon federal pou transpò pou retire Skyway la epi fè amelyorasyon nesèsè nan enfrastrikti yo ka detèmine apati yon etid federal sou enpak anviwònmanal. Piske yo estime pri yo prevwa pou pwojè a ap jiska 600 milyon dola, mwen pral travay pou m sekirize apeprè 80 pousan finansman tradisyonèl pa mwayen lajan federal, epi mwen konfyan ke Eta a pral sekirize rès 20 pousan an. Padan twò lontan moun nan Buffalo te kontante yo ak sityasyon aktyèl la paske yo te kwè gwo pwojè yo te yon rèv enposib. Sa pa menm jan ankò. Lè nou takle Skyway la objektif nou se pa pou nou kraze yon bagay, se pou nou konstwi yon bagay pito. Nou ka fè sa".

Senatè Tim Kennedy, Prezidan Komite Transpò Sena a (Senate's Transportation Committee), te deklare, "Objektif konpetisyon konsepsyon sa a te pou angaje ibanis ak achitèk novatè toupatou nan mond lan, pou nou ka ede detèmine peyizaj bò rivaj dlo vil nou an alavni epi enkòpore yon vizyon dirab, alontèm. Mwen kontan anpil pou m wè New York kontinye fè envestisman nan Vil Buffalo, epi mwen remèsye Gouvènè a paske l ap dirije konpetisyon enpòtan sa a".

Majistra Buffalo, Byron W. Brown, te deklare, "Felisitasyon a konpayi ki plen talan yo te chwazi pou rekonsevwa Koridò Skyway la nan sant vil Buffalo. Pami konsepsyon kreyativ yo te soumèt yo, pwopozisyon sa a te distenge. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Andrew Cuomo pou angajman l kontinye pran anvè rezidan ak biznis yo nan Buffalo ak nan Rejyon Lwès New York la pandan n ap kontinye konstwi repitasyon nou kòm yon Vil opòtinite pou tout moun".

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)